



ENFÒMASYON SOU MEDIKAMAN POU TRANSPLANTASYON

Non / Nimewo dosye medikal pasyan an : _____

Nimewo prensipal li : (617) 632-9700

Koòdonatè transplantasyon an : _____

Nimewo telefòn li : _____

Nimewo telefòn famasi a : _____

Nimewo telefòn VNA (Asosyasyon enfirmyè ki vizite pasyan lakay yo) a _____

Pasyan yo ak moun k ap okipe pasyan yo dwe byen lave men yo anvan ak apre yo fin manyen medikaman

| Medikaman yo | Echantyon | Aksyon | Enstriksyon | Lòt enfòmasyon ki enpòtan |
|---|--|--|--|---|
| Tacrolimus (Prograf) | 0,5mg 1mg 5mg Se menm jan I prezante ak jenerik Sandoz | Prevni rejè transplantasyon; bloke sistèm defans | <u>Pa pran I nan maten y ap pran san w nan, ret tann jiskaske yo fin pran san w.</u> Pran I chak 12 èdtan Pran I lè w ap manje oswa lè w pap manje. Si w vle pran I lè w ap manje, kontinye pran I konsa nèt ale. E si w vle pran I lè w pap manje, kontinye pran I konsa nèt ale tou. | <u>*** Medikaman w ap pran tout vi w***</u> <u>Efè segondè ki kouran</u> - Maltèt - Kò tranble - Pikotman nan men ak nan pye - Cheve kase - Potasyòm wo |
| Mycophenolate Mofetil (Cellcept) OSWA Mycophenolic Acid DR (Myfortic) | 500mg Se menm jan I prezante ak jenerik Roxane OSWA M MC2 360mg Se menm jan I prezante ak jenerik Mylan | Prevni rejè transplantasyon; bloke sistèm defans | Pran I lè w ap manje oswa lè w pap manje. Si w vle pran I lè w ap manje, kontinye pran I konsa nèt ale. E si w vle pran I lè w pap manje, kontinye pran I konsa nèt ale tou. Pran I jeneralman chak 12 èdtan | <u>*** Medikaman w ap pran tout vi w***</u> <u>(Pou pasyan yo fè transplantasyon ren ak / oswa pankreyas pou yo)</u> <u>Efè segondè ki kouran</u> - Kè plen - Vomisman - Dyare - Kè brile Fè koòdonatè transplantasyon w nan konnen si w poupop mou plis pase 4-6 fwa pa jou |
| Prednisone | 5mg Vèsyon jenerik la ka parèt diferan | Prevni rejè transplantasyon; bloke sistèm defans | Pran I lè w ap manje Pran I yon fwa pa jou nan maten Swiv kijan yo di w diminye I jiskaske w sispann li si yo di w fè sa | <u>Efè segondè ki kouran</u> - Vin gen plis apeti - Sik nan san wo - Chanjman nan imè |

| Medikaman yo | Echantyon | Aksyon | Enstriksyon | Lòt enfòmasyon ki enpòtan |
|--|---|--|---|---|
| Valganciclovir (Valcyte) |  450 mg Se menm jan l prezante ak non komèsyal Valcyte la | Prevni enfeksyon viral | Dozaj la varye tou depan de kijan ren an ap fonksyon | - W ap pran l pandan 3-6 mwa Dat pou w sispann li : _____ |
| Sulfamethoxazole / Trimethoprim (Bactrim SS oswa SMZ/TMP) |  1 gress Vèsyon jenerik la ka sanble l differan | Prevni enfeksyon nan poumon ak nan pipi | Pran l yon fwa pa jou | - Pifò pasyan ap pran l pandan 1 an |
| Nystatin solisyon oswa Fluconazole (Diflucan) |  5mL oswa  200mg Vèsyon jenerik la ka sanble l differan | Prevni enfeksyon chanpiyon bay nan bouch ak nan gój ou | Pa manje ni bwè pandan 20 minit apre dòz Nystatin an Pran Nystatin an 4 fwa pa jou Pran Fluconazole la yon fwa pa jou | - Nystatin – pou pasyan yo fè transplantasyon ren ak / oswa pankreyas pou yo - 4 semèn - Fluconazole – Transplantasyon fwa – 2 mwa - Antre an entèaksyon ak tacrolimus. Si w rate dòz, sa ap lakoz nivo tacrolimus yo vin ba epi sa ap lakoz ou rejte transplantasyon an - Lè yo sispann li, y ap ba w enstriksyon si l ap nesesè pou yo fè chanjman nan dòz tacrolimus la |
| Famotidine (Pepcid) oswa Ranitidine (Zantac) |  20 mg oswa  150 mg Vèsyon jenerik la ka sanble l differan | Prevni ilsè destoma | W ap pran l youn oswa de fwa pa jou | - Pasyan ki pap pran Protonix oswa Prilosec (gade anba a) ap pran l pandan 8 semèn apre transplantasyon an |
| Pantoprazole (Protonix) oswa Omeprazole (Prilosec) |  40 mg  20 mg Vèsyon jenerik la ka sanble l differan | Prevni ilsè destoma | Pran l youn oswa de fwa pa jou | - W ap kontinye pran l si w te sou medikaman sa a (oswa yon medikaman ki menm ak sa a) anvan transplantasyon an |
| Sodium polystyrene sulfate (Kayexalate) | | Diminye potasyòm | Pran l sèlman lè koòdinatè w la di w pran l | - Ka bay dyare |
| Oxycodone Oswa Hydromorphone (Dilaudid) | | Medikaman pou doulé | | - Pran l sèlman lè w bezwen l pou doulé |
| Docusate sodium (DOC-Q-LACE) ak / oswa Senna (Senokot) | | Medikaman pou fè poupou w mou | Pa pran l si w gen dyare | - Kapab pa nesesè si w pap pran medikaman pou doulé anwo yo |